

LÈT PARAN VOYE SOU REFI POU BAY ENFÒMASYON SOU YON ELÈV

Chè Paran /Gadyen ak Elèv

Lwa federal egzije pou Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE) bay non, adrès, ak nimewo telefòn elèv lekòl segondè ki nan klas 11yèm ak 12yèm ane ba moun k ap anwole jenn nan lame ak moun nan enstitisyon edikasyon siperyè ki mande enfòmasyon sa yo, eksepte lè paran an oswa elèv avize DOE **alekri** pou di yo pa dakò pou yo bay enfòmasyon sa yo.

Byenke nou pran angajman pou pwoteje konfidansyalite elèv nou yo, nou dwe obeye lalwa. Paran/gadyen legal ak elèv ki pa vle nou bay moun k ap anwole jenn nan lame ak enstitisyon siperyè yo enfòmasyon sou fason pou yo kontakte yo **dwe** ranpli fòm nou mete nan anvlòp la, epi voye l tounen ba konseye pedagogik lekòl la **dezyèm vandredi oktòb** la pou pi ta. Yo egzije nou bay moun k ap anwole jenn pou lame ak/oswa enstitisyon siperyè yo enfòmasyon sou fason pou yo kontakte tout elèv klas 11yèm ak 12yèm ane sòfsi elèv la oswa paran/gadyen l voye fòm pou di yo refize n bay enfòmasyon ke nou mete nan anvlòp la, tounen ba nou.

Tanpri konnen byen ke ou ka chanje sa w te chwazi fè nenpòt lè. Si w pa soumèt fòm lan kounye a, ou ka toujou mande pou pa bay enfòmasyon yo **nenpòt lè**. Tanpri avize direktè a alekri si w chanje lide w yon lòt dat apre.

Pou plis enfòmasyon oswa èd, tanpri al gade Regleman Chanselye *Chancellor's Regulation A-825* oswa kontakte Lyezon pou anwòlman nan lame *Military Recruitment Liaison* ki nan lekòl ou a.

Mèsi.

Ak senserite,

LÈT PARAN VOYE POU DI YO REFIZE NOU BAY ENFÒMASYON

Chè Paran oswa Gadyen legal:

Fòm sa a pèmèt ou refize yo bay enfòmasyon sou non, adrès ak nimewo telefòn pitit ou a ba moun k ap anwole jenn pou lame ak/oswa enstitisyon edikasyon siperyè ki mande enfòmasyon sa yo.

Si w **pa** dakò pou bay enfòmasyon sa yo, ou **dwe** ranpli fòm pou mande sa ke w jwenn lan, epi voye l tounen ba konseye pedagogik pitit ou a **dezyèm vandredi oktòb** la pou pi ta. Si w pa voye fòm lan tounen nan dat sa a e ke pitit ou a nan klas 11yèm oswa 12yèm ane, n ap bay enfòmasyon sou pitit ou a si yo mande sa. Sepandan, tanpri konnen byen ke si w chwazi pa voye fòm lan tounen nan moman sa a, ou ka fè sa nenpòt lè pandan tan pitit ou a ap pase lekòl, epi lè sa a y ap respekte demann ou fè pou yo pa bay enfòmasyon an.

Mèsi pou kolaborasyon w.

Ak senserite,

FÒM PARAN RANPLI POU REFIZE NOU BAY ENFÒMASYON

Tanpri ranpli enfòmasyon sa yo si w **pa** dakò pou yo bay enfòmasyon sou non, adrès ak nimewo telefòn-pitit ou a ba moun k ap anwole jenn pou lame ak/oswa enstitisyon edikasyon siperyè ki mande enfòmasyon sa yo.

Siyati elèv la: _____

Non elèv la: _____

Klas ofisyèl elèv la: _____

Non lekòl la: _____

M ap mande pou yo **PA** bay non, adrès, ak nimewo telefòn pitit mwen an ba:
(Tanpri make kazye ki apwopriye a)

_____ Moun k ap anwole jenn pou lame
_____ Enstitisyon edikasyon siperyè
_____ Ni moun k ap anwole jenn pou lame ni Enstitisyon edikasyon siperyè

Paran/Gadyen legal : _____
Ekri non w an lèt detache

Siyati

Dat

LÈT ELÈV VOYE POU REFIZE NOU BAY ENFÒMASYON

Chè elèv:

Fòm sa a pèmèt ou refize nou bay moun k ap anwole jenn pou lame ak/oswa enstitisyon edikasyon siperyè ki mande enfòmasyon sa yo, enfòmasyon sou non w, adrès ou ak nimewo telefòn ou.

Si w **pa** dakò pou bay enfòmasyon sa yo, ou **dwe** ranpli fòm pou mande sa nou mete nan anvlòp la, epi voye l tounen ba konseye pedagogik ou a nan **dezyèm vandredi oktòb** pou pi ta. Si w pa voye fòm lan tounen nan dat sa a e ke ou se yon elèv a ki nan klas 11yèm oswa 12yèm ane, n ap bay enfòmasyon sou ou si yo mande sa. Sepandan, tanpri konnen byen ke si w chwazi pa voye fòm lan tounen pou kounye a, ou ka fè sa **nenpòt lè** pandan tan ou lekòl la, epi lè sa a y ap respekte demann ou fè pou yo pa bay enfòmasyon an.

Mèsi pou kolaborasyon w.

Ak senserite,

FÒM ELÈV RANPLI POU REFIZE NOU BAY ENFÒMASYON

Tanpri ranpli enfòmasyon sa yo si w **pa** dakò pou nou baymoun k ap anwole jenn pou lame ak/oswa enstitisyon edikasyon siperyè ki mande enfòmasyon sa yo, enfòmasyon sou non w, adrès ou ak nimewo telefòn ou.

Siyati elèv la: _____

Non elèv la: _____

Klas elèv la ap fè ofisyèlman: _____

Non lekòl la: _____

M ap mande pou yo **PA** bay non m, adrès mwen, ak nimewo telefòn mwen ba:
(Tanpri tcheke kazyè ki apwopriye a)

_____ Moun k ap anwole jenn pou lame
_____ Enstitisyon edikasyon siperyè
_____ Ni moun k ap anwole jenn pou lame ni Enstitisyon edikasyon siperyè

Siyati: _____ Dat: _____